

Règleman ak Pwosedì pou Eleksyon Jeneral Service Employee International Union Local 509

*Konsèy Egzekitif Konjwen SEIU 509 la apwouve nan dat
8 me 2012. Amande an jiyè 2022*

Entwodiksyon

Tout pwosedì elektoral SEIU Local 509 yo dwe an konfòmite total ak dispozisyon Lwa sou Rapò ak Divilgasyon Jesyon Travay (Labor Management Reporting and Disclosure Act, LMRDA) ak Konstitisyon SEIU Local 509 ak SEIU International yo. Ou ka jwenn kopi toulede konstitisyon yo lè w kontakte SEIU Local 509 oswa chèche sou sit entènèt SEIU International oswa SEIU 509. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou LMRDA sou sit entènèt Depatman Travay (Department of Labor, DOL).

Pwosedì ak règleman sa yo, Konsèy Egzekitif Konjwen SEIU Local 509 yo te apwouve epi Avoka Jeneral SEIU Local 509 la te revize, yo la pou konplete, men pa ranplase, Konstitisyon ak Règleman Entèn SEIU Local 509 la.

Komite Elektoral

Komite Elektoral la pral responsab pou sipèvize ak administre eleksyon ofisye SEIU Local 509 an akò ak lwa federal ak konstitisyon ak règleman entèn SEIU Local 509 yo. Prezidan SEIU Local 509 la dwe nonmen yon Komite Elektoral anvan fen mwa jen nan ane ki vini anvan chak Eleksyon Jeneral SEIU Local 509. Komite a pral gen senk manm (regilye) ak de ranplasan.

Sekretè Rejis SEIU Local 509 la dwe yon manm k ap vote selon fonksyon yo nan Komite Elektoral la ki pa gen dwa vote, epi li dwe sekretè rejis ofisyèl nan reyinyon yo. Anplis de sa, Komite Elektoral la dwe eli youn nan manm regilye yo pou dirije pwosedì Komite Elektoral yo. Pwosè vèbal tout reyinyon Komite Elektoral SEIU Local 509 yo ap disponib pou tout manm yo. Yo pral afiche avi reyinyon Komite Elektoral la nan kalandriye evènman yo sou sit entènèt SEIU 509 la.

Lè sa nesesè, ranplasman yon manm (regilye) Komite Elektoral la dwe soti nan gwoup ranplasan yo; Prezidan SEIU Local 509 la ap nonmen ranplasan an pou rèl manda a.

Tout manm Komite Elektoral yo dwe manm ki an règ nan SEIU Local 509; sepandan, okenn manm nan Komite a, eksepte Sekretè Rejis la, pa kapab yon kandida pou yon pòs nan nivo lokal, yon kandida pou Konsèy Egzekitif Konjwen an, oswa patisipe aktivman nan kanpay elektoral yon kandida manm.

Prezidan SEIU Local 509 la dwe nonmen yon manm pèsònèl kòm Administratè Komite Elektoral la. Moun ki nonmen an pa dwe yon kandida, ni ap sipòte yon kandida, pou yon pòs dokiman sa a kouvri. Travay Komite Elektoral la pral gide ak twa prensip. Komite a pral:

- Jis ak san patipri, trete tout kandida yo menm jan epi evite tout zak favoritis oswa tout aparans favoritis;
- Respekte dispozisyon elektoral yo nan Konstitisyon ak Règleman Entèn SEIU Local 509 yo ansanm ak tout lòt règ elektoral sendika yo dapre lalwa federal la; epi
- Defann tradisyon demokratik Ameriken yo nan pwoteje dwa chak manm

ki an règ pou nonmen kandida, pou prezante pou yon pòs, epi vote pa vòt sekre pou ofisye Local yo.

Pandan yon ane anvan Eleksyon Jeneral la, responsablite Komite Elektoral la ap gen ladan, men pa limite ak sa sèlman, tach sa yo:

- Etabli kalandriye pou nominasyon ak eleksyon an akò ak konstitisyon an ak règleman entèn SEIU International, SEIU Local 509 ak LMRDA;
- Prepare yon demann pou pwopozisyon (Request For Proposal, RFP) yo dwe soumèt bay founisè potansyèl yo;
- Revize ak evalye tout moun k ap pwopoze òf yo. Rekòmande Prezidan an ak Konsèy Egzekitif Konjwen an yon founisè tyès pati pou òganize eleksyon SEIU Local 509 yo;
- Kowòdone tout aspè nan eleksyon an ak founisè tyès pati yo chwazi pou òganize eleksyon yo;
- Travay ak Direktè Administrasyon SEIU 509 la pou asire lis manm yo ajou epi revize, ak adrès aktyèl yo pou yo voye avi eleksyon/bilten vòt yo;
- Ede ofisye SEIU Local 509 yo nan pwosesis nominasyon yo nan Asanble Anyèl/Konvansyon Nominasyon; epi apwouve tout komunikasyon jeneral sou eleksyon an bay tout manm yo.

Eleksyon an

Se yon òganizasyon endepandan ki pral òganize Eleksyon Jeneral SEIU Local 509 la, jan yon pwosesis Komite Elektoral la etabli, te detèmine sa, epi Konsèy Egzekitif Konjwen an te apwouve. Eleksyon SEIU Local 509 yo dwe respektè Kòd Konduit SEIU ak règleman Depatman Travay la.

Si yo deside yon founisè tyès pati nesèsè pou ede Komite Elektoral la oswa Administratè yo òganize yon eleksyon jeneral oswa pwovizwa, desizyon sou founisè yo dwe baze sou òf plizyè founisè pwopoze.

Kandida ki elijib

Pou poze kandidati pou yon pòs, yon kandida dwe yon "manm ki an règ" sis mwa anvan dat nominasyon yo.

Yon ofisye dwe yon "manm ki an règ" pou l rete yon ofisye. Sa enkli, pami lòt kondisyon, pou ofisye a peye omwen montan minimòm kotizasyon an kèlkeswa estati pwofesyonèl aktyèl li (tankou, aplentan, a tan pasyèl, sekou, konje san peye, elatriye). Nan lòt mo, menm si ou pa travay pandan 12 mwa konplè, pou w rete yon ofisye, ou dwe peye omwen kotizasyon minimòm yo, ki fikse pa Konstitisyon SEIU International la, swa 36 dola oswa 32 dola pa mwa jan yo endike pi wo a. ¹

Si yon ofisye SEIU Local 509 ki anplwaye nan yon jiridiksyon Local 509 gen 1.5% revni brit li pi wo pase barèm minimòm ki endike anwo a, obligasyon kotizasyon li ranpli.

Si yon ofisye SEIU Local 509 ki anplwaye nan yon jiridiksyon Local 509 gen 1.5% revni brit li ki pi ba pase barèm minimòm yo endike pi wo a, li responsab pou bay diferans kotizasyon an pou satisfè tout obligasyon kotizasyon yo.

Si yon ofisye SEIU Local 509 ki anplwaye nan yon jiridiksyon Local 509 pa touche nan men jiridiksyon sa a, li responsab pou peye barèm minimòm kotizasyon ki endike anwo a. ²

¹ Konstitisyon SEIU International, Atik XV, Seksyon 6(a)

² Konstitisyon SEIU International la pèmèt moun nan lokalite yo etabli yon montan kotizasyon minimòm pi ba pou moun ki touche mwens pase 5,500 dola chak ane - Yo presize sa a nan Anèks C nan Konstitisyon SEIU Local 509 la

³ Sa pa aplike pou manm retirete

Nominasyon yo pral fèt nan Asanble Anyèl/Konvansyon Nominasyon an nan mwa Oktòb. Yon manm pa bezwen prezan pou yo nonmen li. Se yon manm ki an règ ki dwe fè ak sipòte tout nominasyon yo; si nominasyon an konsène yon pòs nan yon seksyon, se menm seksyon an k ap fè nominasyon an epi bay sipò.

Nan ka yo pa resevwa plis pase yon nominasyon pou yon pòs patikilye, Prezidan SEIU Local 509 la dwe deklare kandida sa a eli. Dapre Konstitisyon SEIU Local 509, Atik V, Eleksyon Ofisye yo, Seksyon 6.

Ki sa ki yon "Manm ki an règ?"

Se sèlman yon "manm ki an règ" ki kapab kandida pou yon pòs nan SEIU Local 509 oswa ki ka vote nan yon eleksyon SEIU Local 509. Nan eleksyon jeneral yo, kritè sa yo dwe aplike:

- Yo dwe dedui kotizasyon yo (kote yo otorize dediksyon sou pewòl) oswa peye (kote yo peye kotizasyon yo dirèkteman) pandan kat semèn anvan Asanble Anyèl la pou yo ka vote - ak sis mwa anvan Asanble Anyèl la pou yo kapab yon kandida. Si yon anplwayè pa vèse kotizasyon yo alè, y ap pran an kont dènye vèsman an.
- Manm nan dwe ap travay, pran retrèt oswa nan yon konje apwouve nan yon jiridiksyon SEIU Local 509 reprezante (pou omwen) kat semèn anvan Asanble Anyèl la pou yo ka vote - ak sis mwa anvan Asanble Anyèl la pou yo vin kandida. Sa a aplike tou pou manm ki te gen kotizasyon yo dedui ak moun ki te peye dirèkteman, ki enkli manm ki te pran retrèt, ki kontinye peye tout kotizasyon yo epi ki konsève privilèj yo kòm manm.

Manm retirete ki ap peye 1.25 dola pa semèn ki konstitye kotizasyon yon manm retirete nan SEIU Local 509 ap elijib pou patisipe nan asanble anyèl la epi vote nan eleksyon SEIU Local 509 pou pòs nan nivo lokal yo ak Amanman Konstitisyonèl yo. Sepandan, manm nan p ap elijib pou yo nome l pou pòs SEIU Local 509. Manm retirete ki vle kandida pou pòs SEIU Local 509 oswa pòs nan seksyon dwe kontinye peye yon to kotizasyon "konplè" ki pi wo pandan sis mwa. Konstitisyon SEIU a egzije kondisyon sa a pou yo ka nome.

Elektè ki elijib yo

Se sèlman "manm ki an règ" ki peye tout kotizasyon yo nan mwa ki te fini anvan Asanble Anyèl/Konvansyon Nominasyon an ap elijib pou vote. Manm retirete ki peye kotizasyon yo ap elijib pou vote nan eleksyon nan nivo Lokal yo ak nan Amanman Konstitisyonèl yo.

Pwosesis Elektoral

Peryòd kanpay ofisyèl la ap kòmanse nan fen Asanble Anyèl/Konvansyon Nominasyon an. Kanpay yo pral dire twa semèn. Nan fen twazyèm semèn nan, yo pral voye bilten vòt yo nan adrès/adres imèl ki pi resan chak manm yo konnen. Manm yo responsab pou enfòm biwo SEIU Local 509 SEIU la si enfòmasyon kontak yo chanje.

Komite Elektoral la dwe bay tout kandida yo yon avi sou dat, lè ak kote y ap prepare ak emèt bilten vòt yo ansanm ak tout faz kontaj yo.

Yo dwe retounen bilten vòt yo bay founisè tyès pati endepandan yo chwazi pou òganize eleksyon an pi ta nan twa semèn apre yo te emèt yo. Y ap konte bilten vòt yo de jou ouvab apre dat retou a, nan yon kote Komite Elektoral la ak founisè tyès pati yo chwazi pou òganize eleksyon an te detèmine. Komite Elektoral SEIU Local 509 la gen dwa chanje dat la pou rezoud nenpòt pwoblèm ki ta rive.

Y ap kontabilize bilten vòt yo pa seksyon ak nan seksyon Depatman Asistans nan Tranzisyon (Department of Transitional Assistance, DTA), Mass Health, ak Depatman Timoun ak Fanmi (Department of Children and Families, DCF) pa rejyon, ak nan rejyon oswa ajans lòt seksyon lè gen eleksyon ki konteste. Nan chak kontestasyon, kandida ki resevwa plis kantite vòt la pral deklare eli.

Si sa posib, bilten vòt ak enstriksyon sou vòt yo dwe montre klèman bilten vòt la ap detèmine tou seleksyon delege yo nan konvansyon entènasyonal SEIU.

Obsèvatè yo

Jan sa di nan Konstitisyon SEIU Local 509 ak Règleman entèn yo, manm sendika ki vle asiste yo ka prezan nan konte bilten vòt yo (atik 5, seksyon 12).

Si yon kandida vle, obsèvatè yo (kandida a chwazi) ka prezan nan preparasyon, emisyon, resepsyon ak/oswa konte bilten vòt yo. Anplis de sa:

- Kandida pou pòs nan nivo lokal yo pa ka gen plis pase twa obsèvatè anplis de kandida a nenpòt ki lè (yo chwazi nan yon lis obsèvatè jan kandida a detèmine sa); epi
- Kandida pou pòs seksyon yo ka gen yon sèl obsèvatè.
- Kandida ki prezante pou pòs nan plizyè rejyon ka gen jiska twa obsèvatè.

Biwo sendika SEIU Local 509 la pral anonse tout manm yo pa imèl, sit entènèt ak/oswa dokiman alekri, kote, lè, ak lokal y ap konte vòt yo.

Règ pou Obsèvatè yo

- Chak obsèvatè dwe idantifye tèt li devan pèsonèl elektoral la, siyen jounal obsèvatè a, epi endike ki kandida li reprezante.
- Yon obsèvatè dwe fè pèsonèl elektoral la konnen si yon lòt obsèvatè gendwa ranplase l pita nan jounen an.
- Pandan ke yo nan zòn biwo vòt la oswa kote y ap konte a, chak obsèvatè dwe mete yon badj pèsonèl elektoral la bay ki ekri klèman "Obsèvatè".
- Obsèvatè yo, pèsonèl elektoral la akonpaye, ka enspekte preparasyon, emisyon, resepsyon ak/oswa dekont bilten vòt yo.
- Obsèvatè pa dwe fè kanpay nan zòn vòt la nan okenn fason. Yo pa gen dwa mete badj oswa lòt rad kanpay, distribye materyèl kanpay, oswa angaje yo nan konvèsasyon ak moun k ap konte vòt yo sou kandida yo oswa kanpay elektoral la.
- Obsèvatè yo dwe rete nan zòn (yo) pèsonèl elektoral la apwouve kote yo kapab wè preparasyon, emisyon, ak resepsyon ak/oswa dekont bilten vòt yo.
- Obsèvatè yo pa ka deranje preparasyon, emisyon, resepsyon ak/oswa dekont bilten yo nan okenn fason epi yo dwe adrese nenpòt kesyon oswa enkyetid dirèkteman bay pèsonèl elektoral la pi vit posib pou yo ka pran nenpòt mezi korektif ki nesèsè.
- Pandan dekont bilten yo, obsèvatè yo ka konteste presizyon nan fason yo li vòt yo nan bilten ki make yo epi yo anrejistre sou fèy dekont yo, epi yo dwe deklare tout objeksyon bay pèsonèl elektoral la imedyatman pou yo ka pran mezi korektif ki nesèsè yo.
- Obsèvatè yo pa gen dwa manyen oswa manipile bilten vòt yo a nenpòt ki lè oswa entèfere ak pwosesis dekont la.

(Adapted from Conducting Local Union Officer Elections Office of Labor- Management Standards 2010, p. 52.)

Si yon obsèvatè pa respekte Règ pou Obsèvatè yo mansyone pi wo a, SEIU Local 509

Komite Elektoral la ka otorize founisè tyès pati a pou mande obsèvatè a kite dekont vòt la. Anplwaye SEIU Local 509 yo gen pèmasyon pou yo prezan si yo enplike dirèkteman nan pwosesis elektoral la. Ofisye yo ki se anplwaye sendika men ki kandida tou, yo pral trete yo kòm kandida. Komite Elektoral la dwe obsève dekont vòt yo. Komite Elektoral la pral pwononse sou entansyon elektè yo epi pwopoze desizyon. Li pral rezoud pwoblèm sou bilten vòt apre ankèt apwofondi. Li pral resevwa konpansasyon pa jou oswa konje pou jou travay li rate.

Avi Rezonab sou Nominasyon yo

Asanble Anyèl SEIU 509 la dwe sèvi kòm "konvansyon nominasyon" pou Eleksyon Jeneral SEIU Local 509 Depatman Travay la egzijè. Tout manm yo pral resevwa yon avi rezonab sou nominasyon - 30 jou.

Nominasyon pou tout pòs elektif SEIU Local 509 yo pral fèt nan Asanble Anyèl SEIU Local 509 la. Avi Asanble Anyèl la ak pòs disponib yo dwe afiche sou sit entènèt SEIU 509 la pou pi ta 15 out ane sa a.

Pòs sa yo gen ladan tout pòs lokal yo: Prezidan, Trezorye, Sekretè Rejis, Administratè (3), ak lòt Manm Konsèy Egzekitif Konjwen yo ak tout pòs seksyon yo.

Règ kanpay la

Chak kandida dwe mennen kanpay yo nan respè pou manm sendika ak kandida yo.

Distribisyon dokiman kanpay la bay manm yo (lapòs):

- Se yon sèvis postal pwofesyonèl ki pral jere sa oswa, si komite a dakò, founisè yo chwazi pou òganize eleksyon yo. Komite Elektoral la pral revize òf founisè yo.
- Kandida a responsab depans ekspedisyon yo pou kanpay li. Peman davans pral obligatwa.
- Kandida a ka chwazi voye pa lapòs bay tout manm ki elijib pou vote nan eleksyon li, oswa bay yon pati nan manm sa yo seksyon an oswa rejyon an, ajans oswa pòs eli a defini.
- Kandida yo gen dwa sèvi ak medya sou entènèt oswa rezo sosyo.
- SEIU Local 509 p ap egzamine oswa blame dokimantasyon kandida yo.
- SEIU Local 509 pral bay yon lis deleje ak enfòmasyon sou espas travay yo.

Chak kandida ap gen opòtinite pou li enspekte lis manm SEIU Local 509 aktyèl yo yon fwa nan 30 jou anvan eleksyon an oswa 30 jou anvan yo emèt bilten vòt yo. Enspeksyon sa a pa enkli dwa pou kopye lis la. Kandida yo pa gen dwa sèvi ak okenn lis manm san otorizasyon yo ka genyen nan posèsyon yo pou rezon kanpay.

Kanpay pa ka fèt pandan travay ofisyèl yon reyinyon konsèy administrasyon seksyon an, sèlman pandan yon peryòd yo deziyen. Konsèy administrasyon seksyon yo pa oblije òganize fowòm oswa akeyi kandida yo, sepandan si yo envite yon kandida oswa li mande pou l patisipe, yo dwe bay tout kandida yo aksè egal.

Avètisman a kandida potansyèl yo: SEIU Local 509 ak Konstitisyon Sendika Entènasyonal enkòpore dispozisyon sa yo:

"Okenn kandida (ki enkli kandida potansyèl) pou yon pòs entènasyonal oswa yon pòs nan yon Sendika Lokal oswa òganis afilye oswa patizan yon kandida pa ka mande oswa aksepte sipò finansye oswa nenpòt lòt sipò dirèk oswa endirèk sou nenpòt fòm nan men moun ki pa manm Sendika Entènasyonal la."

Itilizasyon Resous SEIU Local 509 oswa Resous Anplwayè

Byenke fon sendika yo ka itilize pou peye avi nominasyon ak eleksyon ak lòt depans pou òganize eleksyon an, lwa federal la entèdi estrikteman itilizasyon fon sendika ak anplwayè pou ankouraje kandidati nenpòt moun nan eleksyon yon ofisye sendika.

Yo ankouraje manm ak ofisye SEIU Local 509 yo pou yo angaje yo nan deba solid pandan kanpay pou pòs nan SEIU Local 509. Sepandan, okenn manm, ofisye eli, anplwaye oswa lòt ajan SEIU Local 509 pa dwe sèvi ak logo, papye, lis SEIU Local 509 (lòt ke sa SEIU Local 509 bay eksprèsman pou eleksyon sa a) oswa lòt resous pou kominike avèk manm yo oswa ak gran piblik la pou avantaj (egzanp sipòte oswa opoze a yon kandida nan yon pòs elektif SEIU local 509).

Entèdiksyon kont itilizasyon fon sendika ak anplwayè yo aplike pou depans dirèk sendika a oswa anplwayè a ansanm ak depans endirèk yo ki enkli:

- Fè kanpay pandan tan sendika a oswa anplwayè a peye;
- Itilizasyon ekipman sendika/anplwayè a posede oswa lwe tankou òdinatè ak imèl, telefòn, faks, ak machin fotokopi;
- Itilizasyon founiti sendika/anplwayè a tankou tanpon, papye, ak anvlop;
- Sèvi ak anplwaye sendika yo pou prepare dokiman kanpay la pandan tan travay sendika a;
- Itilizasyon papye ak antèt sendika a;
- Itilizasyon pwopriyete oswa enstalasyon sendika/anplwayè a;
- Enprime atik ki sipòte oswa kritike kandidati yon moun nan yon jounal sendika oswa yon lòt piblikasyon; oswa
- Bay sèvis gratis oswa rabè espesyal a yon kliyan kandida tankou enprime, fè fotokopi, elatriye.
- Itilizasyon rezo sosyo SEIU oswa Local 509 oswa etabli yon lyen avèk yo

(Conducting Local Union Officer Elections Officer of Labor-Management Standards 2010, p. 25)

Yo konseye kandida yo pou yo kenbe dosye sou kontribisyon ak depans kanpay yo pou yo ka rezoud tout akizasyon sou move itilizasyon resous sendika oswa anplwayè yo.

Deklarasyon kandida yo

Y ap pibliye yon edisyon espesyal "509 News" pou eleksyon nan tout sendika yo. Kandida pou yon pòs nan sendika ki konteste ka soumèt yon deklarasyon pou piblikasyon. Yo dwe transmèt deklarasyon kandida yo pa imèl oswa tape, an doub espas. Yo ka voye yo pa imèl oswa pa lapòs. Kandida a dwe soumèt kopi a korije. Editè a pa pral fè okenn chanjman ki gen ladan koreksyon erè (tankou erè òtograf, gramè oswa tape).

Yon sendika pa ka règleman kontni dokiman kanpay yo mande pou l distribye epi yo pa ka mande pou l li dokiman an anvan distribisyon an. Nan okenn ka, sendika a pa gen dwa blame dokiman kanpay la, menm si li gen ladann remak denigran sou lòt kandida yo. Afimasyon yon sendika ki fè konnen voye kèk dokiman kanpay pa lapòs ka reprezante yon difamasyon pa jistifye yon refi pou distribye dokiman an piske sendika a gen yon devwa legal pou distribye materyèl la.

(Conducting Local Union Officer Elections Office of Labor-Management Standards 2010, p. 21)

Règ sa yo detèmine longè deklarasyon ak imaj yo:

- Prezidan: limit 400 mo, ak imaj;
- Trezorye, Sekretè Rejis, Prezidan Seksyon: limit 300 mo, ak imaj;
- Tout lòt ofisye yo, limit 200 mo, pa gen imaj.

Si deklarasyon an depase longè ki espesifye pi wo a, pati nan fen an ki depase limit la pral koupe menm si deklarasyon an dwe kanpe nan mitan fraz la. Si yo pa soumèt deklarasyon an nan dat limit, li p ap enkli pou piblikasyon. Yon kopi Edisyon Elektoral SEIU 509 News la ap disponib sou sit entènèt la.

Aksè Egal

Yo dwe asire ekite pandan kanpay la. Pa egzanp, si yo envite yon kandida pou l pale nan yon reyinyon/fowòm, yo dwe envite tout kandida pou menm pòs sa a pou yo pale nan reyinyon an pandan menm dire tan an.

Pwotestasyon Elektoral

Manm ki vle pwoteste kont yon eleksyon dwe fè yon petisyon bay Komite Elektoral la alekri pou pi ta 15 jou apre eleksyon an.

Rezon pou konteste yon eleksyon:

- Sèvi ak fon, enstalasyon, ekipman, oswa founiti sendika oswa anplwayè pou sipòte yon kandida;
- Aplikasyon kondisyon elijiblite kandida ki pa inifòm;
- Refize manm ki elijib yo dwa pou yo vote oswa otorize moun ki pa kalifye yo vote;
- Mank bilten vòt sekre;
- Si yo pa bay bon jan garanti pou asire yon eleksyon jis, ki gen ladann absans bon jan pwoteksyon bilten vòt yo; ak/oswa
- Si w pa respekte dispozisyon konstitisyon ak règleman entèn sendika a oswa lwa eta oswa federal.

Komite Elektoral la pral swiv sèt etap pou rezoud chak akizasyon elektoral ki byen souleve:

1. Revize pwotestasyon elektoral la byen pou deside ki enfòmasyon ki nesesè pou rezoud akizasyon an.
2. Pale ak manm k ap pwoteste a pou w byen konprann akizasyon an epi pou w jwenn tout enfòmasyon espesifik ki nesesè.
3. Revize Konstitisyon/Règleman Entèn yo ak règ eleksyon yo pou detèmine si te gen iregilarite.
4. Revize rejis elektoral yo pou verifye iregilarite yo.
5. Fè entèvyou ak manm yo ak lòt moun, si sa nesesè, enkli kandida yo.
6. Deside si akizasyon an se verite lè yo revize tout enfòmasyon pèsonèl elektoral la te rasanble epi diskite rezilta yo an ekip.
7. Detèmine konbyen vòt ki te afekte si akizasyon an se verite.
8. Komite Elektoral la pral mennen ankèt epi bay yon desizyon pi vit posib.

Apre yo fin revize tout akizasyon yo e apre yo fin detèmine reyalyte yo, pèsonèl elektoral la dwe deside ki mezi ki apwopriye.

- Si yon akizasyon pa fonde epi okenn mezi korektif pa nesesè, pèsonèl elektoral la pral refize pwotestasyon an.
- Yo pral byen analize tout akizasyon ki fonde pou detèmine kantite vòt ki te afekte yo ak enpak posib sou rezilta eleksyon yo. Pa egzanp, si 16 manm ki pa elijib te vote, lè sa a yo te afekte 16 vòt. An konsekans, yo dwe rekòmanse tout kous ki deside ak 16 vòt oswa mwens.
- Si yon iregilarite afekte sèlman yon kous oswa kèk kous, sèlman kous ki afekte a (yo) ta dwe rekòmanse.

Komite Elektoral la pral fè tout manm k ap pwoteste yo konnen desizyon li pran alekri, menm si yo refize yon pwotestasyon oswa si yo pran yon desizyon pou rekòmanse eleksyon an oswa pran lòt mezi korektif. Si yo refize yon pwotestasyon, yo pral enfòmman manm nan sou fondman desizyon an ak pwosedi ak delè nan konstitisyon an ak règleman entèn yo dwe respekte pou fè apèl kont desizyon an, tankou yon apèl bay Prezidan SEIU International oswa konsèy egzekitif la.

Si li vin nesèsè pou yo rekòmanse yon eleksyon, menm pwosedi ak egzijans ki te aplike nan eleksyon inisyal la ap aplike ankò pou rekòmanse eleksyon an. Natirèlman, yo ta dwe pran prekosyon espesyal pou asire pwoblèm yo ki te lakòz nesèsite pou rekòmanse eleksyon an a pa rive ankò.

(Nòm pou Biwo Travay-Jesyon 2010, Seksyon 15: Pwotestasyon Elektoral ki Adapte nan Conducting Local Union Officer Elections)

Pòs vid/ Eleksyon Pwovizwa

Dapre Atik V Konstitisyon SEIU Local 509, Eleksyon Ofisye Atik Seksyon 14:

Ant de eleksyon jeneral, lè gen yon pòs vid nan yon pòs Local oswa nan yon seksyon, yo dwe mande nominasyon pou ranpli pòs vid yo nan omwen youn nan fason sa yo: 1. Yo dwe enprime nan jounal sendika a. 2. Yo pral afiche sou sit entènèt SEIU Local 509 epi yo pral voye avi pa imèl oswa pa lapòs bay tout manm ki elijib pou poze kandidati ak vote pou pòs vid la. Avi a dwe gen ladan tit pòs ki vid la, seksyon ak rejyon li (si sa posib) ak dat limit pou nominasyon yo.

Yo dwe soumèt nominasyon yo alekri epi yo dwe endike:

- Tit pòs la
- Non kandida a ak non ak siyati prezantatè a
- Yon manm nan seksyon sa dwe nonmen kandida pou pòs nan seksyon yo - yo pa bezwen yon dezyèm
- Si pa gen plis pase yon manm ki elijib ki nonmen pou yon pòs vid, Prezidan an dwe deklare kandida sa a eli

Si gen yon kontestasyon pou pòs vid la, yo pral òganize yon eleksyon pi vit posib. Administratè SEIU Local 509 yo dwe sipèvize eleksyon an. Yo dwe sipèvize emisyon bilten yo epi yo dwe sipèvize ouvèti ak dekont bilten yo, epi anonse rezilta yo. Manm yo dwe ka patisipe. Yo dwe retounen bilten vòt yo bay yon tyès pati ki pral konsève yo jiska dat Administratè yo te fikse pou konte bilten yo.

Dapre Atik V, Seksyon 14 Règleman Entèn Local yo, pòs ki pa ranpli 75 jou, oswa mwens, anvan Asanble Anyèl la dwe soumèt pou nominasyon epi asite nan reyinyon sa a. Dispozisyon ki nan Seksyon 1, 2, 6, 7, 8, 9, 11 ak 13 Atik sa a ap aplike.

Nan ka reklamasyon ak pwotestasyon nan yon eleksyon pwovizwa, Komite Elektoral la dwe mennen yon ankèt epi pran yon desizyon menm jan ak nan yon eleksyon jeneral.

Konsèy Egzekitif Konjwen Local 509 te adopte "Règleman ak Pwosedi Eleksyon Jeneral Sendika Entènasyonal Anplwaye Sèvis Local 509 yo" nan dat 8 me 2012 epi li rete an vigè jiskaskè Konsèy Egzekitif Konjwen Local 509 la te amande li.